



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO KÒMANSE TRAVAY NAN PWOJÈ A IZAJ MIKS 5.2 MILYON DOLA NAN KORIDÒ ERITAJ AFWOAMERIKEN MICHIGAN STREET BUFFALO A

Pwojè Nash Lofts la yo Gen ladan Espas Kiltirèl San Frè Lwaye

Pwojè Jodi a ap Konplemante Angajman Gouvènè Cuomo pran pou l Revitalize Zòn Lès Buffalo a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo kòmanse travay nan yon pwojè k ap koute 5.2 milyon dola pou konstwi Nash Lofts la, ki se yon bilding a izaj miks ki mezire 40,000 pye kare ki pral gen ladan 18 nouvo apatman, espas komèsyal, pakin alenteryè, yon restoran, ak espas yo ap bay branch Asosiyasyon Nasyonal pou Pwogrè Moun Nwa yo (National Association for the Advancement of Colored People, NAACP) lokal la kòm don. Pwojè a pral fonksyone kòm yon pòtay pou Koridò Afwomeriken Michigan Street la (Michigan Street African-American Corridor), ki se yon katye byen renonme onivo nasyonal ak entènasyonal k ap sèvi kòm yon pwen fokal pou rezidan ak vizitè ki entèrese aprann sou istwa rich Buffalo a atravè kominote dinamik, magazen, restoran, achitekti, moun ki rete la yo, ak enstitisyon li yo.

“Restorasyon bilding sa se yon etap enpòtan nan efò pou ranfòse katye istorik ki enpòtan anpil nan katye Buffalo sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Espas a izaj miks sa pral sèvi kòm yon eman pou atire vizitè ki anvi aprann plis sou istwa ak kilti New York la yo, pandan y ap ede pote yon nouvel vi nan katye Michigan Street la. Mwen atann pou finisman pwojè sa a, paske l ap sipòte efò n ap fè pou ofri yon avni ki pi solid pou tout Rejyon Lwès New York la”.

“Nash Lofts la k ap nan Koridò Afwomeriken Michigan Street la, l ap onore yon moman enpòtan nan pase Buffalo pandan y ap vin tounen yon senbòl pou redemaraj vil la an menm tan”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**, “Pandan n ap konstwi yon Buffalo nouvo, li enpòtan pou nou prezève moniman ki te bay kominote nou an karaktè tenas li an ak yon plas nan istwa Ameriken an. Mwen fyè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council, WNY-REDC) se yon patnè nan pwojè renesans katye enpòtan sa a”.

Pwojè Nash Lofts la ap konpleman angajman Gouvènè a pran pou l amelyore lojman ak estabilize katye nan Zòn Lès Buffalo a. [Mwa pase a](#), Gouvènè Cuomo te anonse angajman li pran anvè yon inisyativ sou twazan, k ap koute 10 milyon dola, pou kreye opòtinite pou moun ka vin pwopriète kay, fè reparasyon ki nesèsè nan kay yo pou anpeche yo sezi kay yo, epi finanse yon estrateji prevansyon kay abandone nan Zòn Lès Buffalo a ak Vil Cheektowaga. Premye faz finansman pou Inisyativ Estabilizasyon Katye (Neighborhood Stabilization Initiative) an twa pati sa a, ap envesti plis pase 4 milyon dola pou kòmanse travay nan prèske 250 kay ane sa a.

Steven Carmina, onon Michigan Broadway, LLC te di, “Gwoup pwopriète nou an pa gen mo pou eksprime jan l kontan pou pwojè sa k ap vanse vè lavan. Se yon soulevman enòm ki pa tap fèt san sipò Biwo Gouvènè a ak Lameri, Manm Asanble ak Sènate nou an ak lòt pati konsène nan katye nou yo te ban nou. Pwojè sa a, ki sitiye nan kè Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Street la (Michigan Street African-American Heritage Corridor), pral premye rezidans pou mendèv a revni miks alès Michigan Avenue epi nou espere se jis kòmansman reyaparasyon blòk istorik sa a. Li pral yon flanbo pou vizitè yo aprann sou kilti ak istwa ki toujou rete isit la epi nou santi anpil modesti pou nou patisipe ladan l”.

Siyifikasyon istorik bilding nan 163-167 Broadway ak 64 Nash la yo (ozanviwon ane 1820 ak 1880 yo) rete yon rapèl pwisan pou istwa vas ak enfliyansyèl New York la. Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Street la sitiye nan kè Buffalo anndan Distri Ellicott, jis alès mitan sant vil la, li se yon kote ki rich an kilti remakab pou kominote Afwoameriken an ansanm ak pou tout rejyon metwopolitèn Buffalo-Niagara a.

Pwojè a ap restore kat bilding ki te vid depi plis pase 15 zan. Li pral gen 18 inite apatman a revni miks, yon restoran ak espas kiltirèl Antrepriz Biznis Minoritè ak Fanm yo (Minority and Women owned Business Enterprises, MWBE) posede k ap ofri sèvis konplè - espas yo fè don san frè lwaye, espas komèsyal alwe, espas komèsyal alwe yo konsepsyon pou biznis MWBE yo ak lòt reprezantan lokatè nan kominote a. Tout pwojè a nèt pral ankouraje kreyasyon djòb ak envestisman nan biznis nan zòn ki te sibi anpil deklèn nan envestisman pandan plis pase 50 an yo.

Finansman pou Nash Lofts la gen ladan 450,000 dola sibvansyon kapital k ap soti nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York la. Lòt finansman ankò gen ladan yon Kredi Relè 750,000 dola atravè Majistra Byron W. Brown ak Buffalo Urban Development Corporation a, apeprè 1,7 milyon dola nan Kredi Taks Istori, ak balans pou alafwa prè kontriksyon ak finansman pèmanan y ap resevwa atravè Evans Bank lan yo.

Howard Zemsky, Prezidan, Direktè ak Komisyone Empire State Development te deklare, “Nash Lofts se yon trè bèl egzans ki montre yon apwòch inovatè ant sektè piblik ak sektè prive nan kad pwojè lojman ki sipòte youn nan katye ki pi istorik nan Buffalo yo. Gras a pwojè inik sa a, trè byento fanmi k ap travay yo pral viv nan yon zòn ke jiska lòtjou la ki te gen estrikti ki abandone, ki pa gen sekirite”.

Rose Harvey, Komisè Pak Eta yo (State Parks), te di, “Eta New York la ak kredi taks istorik federal la yo kontinye ap sèvi kòm zouti vital pou devlopman ekonomik pou vil Buffalo a. Reyabilitasyon Nash Lofts la patikilyèman dinamik an grand pati akòz de liyen li pral kreye ant Rejis Nasyonal ki nan legliz batis Michigan Street Baptist Church la, ki se bilding relijiye afwoameriken ki pi ansye nan vil la, ak Nash House, ki se rezidans lidè afwoameriken byen renonme ki rele Reveran J. Edward Nash la. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Komisyon Koridò a (Corridor Commission) paske nou vrèman kontan anpil pou nou wè reyitilizasyon reflechi adaptif sa vin yon reyalyite atravè patenarya konsiderab ant sektè piblik la ak sektè prive a”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare, “WNY-REDC konsidere Nash Lofts la tankou yon pwojè ki pral jwe yon wòl enpòtan lè l ap ankouraje kwasans nan Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Street la nan Buffalo. L ap selebre pase, l ap ofri yon amelyorasyon pratik pou kominote a nan tan prezan epi l ap yon blòk konstriksyon pou devlopman ekonomik nan katye istorik sa alavni”.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan State University of New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare, “Si mi nan Nash Lofts yo te ka pale nou t ap tandè istwa ekstraòdinè sou Chemèn Fè Klandesten yo (Underground Railroad) ak movman Dwa Sivil la yo (Civil Rights movement), ansanm ak kèk nan premye egzanp bon jan mizik Jaz. Kounye a bilding yo ki se yon pòtay pou Koridò Afwoameriken Michigan Street la pral vin gen lavi ankò avèk nouvo rezidan, biznis ak gwoup katye, yo tout ap benefisye de renovasyon k ap fèt nan pwopriyete a grand enpòtans istorik sa a”.

Senatè Tim Kennedy te deklare, “Pandan vil nou an ap kontinye devlope epi selebre renesans san parèy sa a, nou dwe kontinye prezève eleman enpòtan anpil nan istwa Buffalo yo, ki gen ladan Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Street la. Mwen fyè pou m travay ansanm ak kolèg mwen, Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes pou nou priyoreze katye istorik sa a chak jou, epi travay k ap kòmanse nan Nash Lofts yo se jis yon lòt egzanp ki montre angajman Gouvènè a ak Majistra pran anvè kat kwen bèl vil nou an”.

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, “Nash Lofts se yon pwojè mèveye ki pral pote lojman pou mendèv ak aktivite chak jou yo byen bezwen nan Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Street la. Pwojè sa a pral sèvi kòm yon motè pou kwasans ak redevlopman ki deja ankou nan distri istorik sa a. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Majistra Brown epi mwen felisite gwoup pwopritè a ak ekip devlopman li an paske yo ap antreprann sa ki pral yon pwojè transfòmasyonèl nan kafou ri Michigan ak Broadway a”.

“Sa se yon zòn istorik epi se yon pwojè lojman a izaj mik ki se yon konektè enpòtan ant Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Avenue la ak sant vil Buffalo”, **Majistra Byron W. Brown te deklare.** “Pwojè k ap koute 5.2 milyon dola sa ki pral konstwi Nash Lofts la pral sèvi kòm yon lank enpòtan pou Koridò Afwoameriken Michigan Avenue nou an.

Se yon destinasyon touristik ak yon pwen rankont pou sila yo ki vle vin fè eksperyans istwa rich Afwoameriken yo nan Buffalo”.

Prezidan Konsèy Komen Buffalo a, Reveran. Darius Pridgen te di, “Transfòmasyon bilding lan pou l vin tounen Nash Lofts la pral yon eleman enpòtan k ap konekte Koridò Eritaj Afwoameriken Michigan Avenue la ak rès vil Queen City a. Mèsi Gouvènè Cuomo ak Majistra Brown paske nou kontinye pran angajman anvè Vil Buffalo a”.

Rev. Mark Blue, ki se Prezidan Branch NAACP Buffalo a te di, “NAACP apresye opòtinite pou l gen yon biwo k ap sitiye nan Nash Lofts la. Bilding istorik sa yo pral renove yo pral raple nou de pase nou men tou y ap pèmèt nou selebre avni dinamik Koridò Eritaj Afwoameriken la”.

Egzekitif Konte a Mark Poloncarz te deklare, “Lè nou etabli yon pòtay enpòtan nan Koridò Afwoameriken Michigan Street la sa pral ede atire atansyon nan katye prestijye sa a. Restorasyon k ap fèt nan bilding lan yo pral ofri lojman a izaj misk ansanm ak plizyè opòtinite pou kwasans komèsyal ki pral ede kontinye estimile devlopman ekonomik nan Vil Buffalo a. Mwen patikilyèman kontan paske gen yon espas san frè lwaye yo dedye pou enstitisyon kiltirèl minoritè yo ki pral pèmèt gen opòtinite inik pou branch NAACP lokal nou an gen yon lokalite ki etabli nan katye ki gen siyifikasyon kiltirèl enpòtan sa a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418